



Akademisyen Joseph Sauveur JOSEPH

Prezantasyon

Joseph Sauveur Joseph fèt 21 septanm 1951, nan komin Lewogàn, depatman Lwès peyi Ayiti. Joseph Sauveur Joseph se pwofesè inivèsite. Li gen yon doktora nan Lingwistik (Université du Québec à Montréal, 2000).

Piblikasyon

Joseph Sauveur Joseph patisipe nan piblikasyon plizyè liv ak plizyè atik nan jounal ak nan revi. Pami piblikasyon sa yo, nou ka site :

- *Kreyòl, poto mitan nasyon an*. Pawòl kreyòl nimewo 3, vol III, 2013.
- *Yon amenajman lengwistik pou devlopman pèp ayisyen : De lang ofisyèl ak valorizasyon kreyòl la*. Presses internationales, Polytechnique, 2012.
- *Gramè kreyòl*, dezyèm edisyon, CIDHICA, Montréal, 2007.
- *Les verbes sériels qui se combinent avec ale, vini, soti et rive. Travaux de recherche sur le créole haïtien (UQAM) # 7*, 1991.

Angajman

Nan kad travay li fè pou defann oswa fè pwomosyon pou lang kreyòl la, nou jwenn domèn tankou :

- Rechèch
- Lengwistik
- Edikasyon

Se Sant N A Rive ki te pwopoze kandidati Joseph Sauveur Joseph kòm Akademisyen.